

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Pangajaran basa Sunda di *Sekolah Menengah Pertama* (SMP) ngawengku widang basa, sastra, jeung kaparigelan. Saluyu jeung *Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat No.5 Taun 2003* ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daérah*, basa daérah diajarkeun dina atikan formal jeung non-formal di Jawa Barat. Ruang lingkup Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda dumasar kana *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar* (SKKD) Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda nya éta komponén kamampuh ngagunakeun basa jeung sastra Sunda nu ngawengku opat aspék kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Dina SKKD Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda pangaweruh anu kudu ditepikeun ka siswa di jenjang SMP kelas VII diantaranya ngaregepkeun pupujian. Pupujian bisa diriksa ngaliwatan atikan formal di sakola. Pikeun ngalumangsungkeun pangajaran ngaregepkeun pupujian di sakola, perlu dieuyeuban deui bahanna. Pupujian-pupujian anu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan, kacida merenahna upama diriksa, dianalisis, tur diajén kalumangsunganana, sabab pupujian téh mangrupa salasahiji budaya titinggal karuhun Sunda anu luhur pangajéna. Lian ti éta, pupujian téh euyeub pisan ku bahan lenyepaneun anu patali jeung kahirupan manusa.

Enggoning nyiapkeun bahan pangajaran téh kudu dipilih heula. Salah sahiji carana nya éta ku jalan milih jeung nimbang-nimbang bahan pangajaran anu diluyukeun jeung tingkat kamampuh siswa, kamekaran siswa sarta luyu jeung SKKD Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda, sabab bahan pangajaran téh gedè

Rizka Amalia Dwiyantri, 2013

Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan

Bahasa jerman fpbs upi

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangaruhna kana kahontal jeung henteuna tujuan pangajaran, lantaran mangrupa bagian tina prosès diajar.

Kamekaran budaya Sunda dina kahirupan manusa henteu leupas tina rupaning faktor anu mangaruhanana, salah sahijina nya éta minat jeung kahayang masarakat kana karya sastra. Ieu hal patali jeung kalungguhan sastra salaku karya seni. Karya seni téh mangrupa kréativitas manusa pikeun méré kasenangan jeung kani'matan éstétis pikeun nu ngaapprésiasi ogé pikeun nu nyiptakeunana. Dina ambahan anu leuwih lega, kalungguhan karya sastra téh nya éta salaku sarana pikeun nyumponan kapentingan, pikiran, jeung rasa manusa boh pikeun pribadi boh pikeun lingkunganana

Sacara umum nilik kana wangunna karya sastra kabagi jadi tilu bagian, nya éta prosa (wangun lancar), puisi (wangun ugeran) jeung drama (wangun guneman). Ieu tilu wangun sastra gelar ngaliwatan (medium) lisan jeung tulisan. Kaayaan puisi Sunda téh réa rupana, aya anu kagolong puisi heubeul (buhun, tradisional) jeung aya anu kagolong puisi anyar (modern).

Isnéndés (2010:56)) ngébréhkeun yén puisi Sunda dina mangsa heubeul aya anu ngawujud carita, hartina téksna dina wangun puisi, tapi eusina ngawujud, naratif (carita pantun, wawacan). Karya sastra anu teu ngawujud carita: mantra (raja, singlar, asihan, jampé, jangjawokan, ajian), sisindiran (paparikan, rarakitan, wawangsalan), kakawihan, sa'ir (pupujian, sawér), pupuh (dangding, guguritan). Aya ogé puisi anyar diantaranya sajak.

Pupujian gelarna bareng jeung asup sarta sumebarna agama Islam di Jawa Barat, kira-kira taun 1580, sabada karajaan Pajajaran runtag, terus taluk ka karajaan Islam (Koswara, 2007:79).

Dina hirup kumbuhna, pupujian mangrupa bagian tina sastra daérah anu kudu diriksa kaayaanana ngarah tetep bisa lumangsung henteu kasilih ku pangaruh anu séjén. Pupujian téh mangrupa warisan anu luhur ajénna titinggal para karuhun Sunda baheula, anu kiwari bisa dijadikeun bahan pikeun ngajembaran kabudayaan nasional. Tarékah pikeun ngariksa budaya daérah

Rizka Amalia Dwiyanti, 2013

Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan

Bahasa jerman fpbs upi

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangpangna anu mangrupa sastra lisan salasahijina nya éta ku cara diayakeun panalungtikan kana éta karya sastra, anu mangrupa panalungtikan ngeunaan pupujian anu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun basa Sunda di SMP.

Pupujian dina kahirupan masarakat Sunda téh sumebar secara lisan. Biasana ayana pupujian téh dilingkungan pasantrén, saluyu jeung pamadegan Rusyana (Kartini spk., 1986:10) yén di pasantrén tempat lahirna puisi pupujian salaku média atikan pikeun nepikeun ajaran-ajaran agama jeung adab susila anu saluyu jeung ajaran Islam. Lian ti pasantrén aya oge di masigit jeung madrasah. Pupujian anu di masigit bisana dibaca atawa dinadomkeun dina waktu anu tangtu, upamana baé antara adan jeung komat jeung waktu aya pangaosan, sedengkeun di madrasah sami jeung di pasantrén, pupujian dinadomkeun dina waktu nepikeun pangajaran

Panalungtikan pupujian anu geus dilaksanakeun saméméhna anu dipatalikeun jeung pangajaran diantarana dina taun 2012 nya éta skripsi anu judulna *Adegan Puisi Pupujian di Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP* ku Rike Nurandini, *Pupujian Di Kampung Cikulung Desa Cijenjo Kacamatan Cileungsi Kabupaten Bogor pikeun Bahan Pangajaran di SMP* ku Dania Partika Dewi, *Pupujian Di Kampung Manis Désa Haurkuning Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP* ku Didin Soléhudin.

Ieu panalungtikan dilaksanakeun lantaran dina panalungtikan saméméhna teu acan aya anu nalungtik ngeunaan pupujian anu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan. Tiap désa pasti rumpaka pupujiana aya anu béda, sok sanajan judulna sarua tapi kadang aya kekecapan anu dipakéna béda, tuluy cara nganadomkeuna ogé sakapeung béda.

Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan diayakeun pikeun ngainvéntarisasi sarta ngaguar wangun, eusi, harti jeung fungsi pupujian nu kapanggih di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan. Ieu hal mangrupa tarékah pikeun ngariksa sangkan budaya Sunda karuhun anu geus

Rizka Amalia Dwiyantri, 2013

Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan

Bahasa jerman fpbs upi

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

diwariskeun ulah nepi ka teu dipikawanoh ku generasi Sunda kiwari sarta pikeun bahan pieunteungeun dina ngalakonan kahirupan.

Dumasar kana éta hal, prakprakan ieu panalungtikan museurkeun panitén kana puisi pupujian. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Pupujian di Kampung Manis Désa Garawangi Kacamatan Garawangi Kabupatén Kuningan pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Pupujian di Kelas VII SMP*”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Pupujian di jaman kiwari geus mimiti kurang aprésiasi ti masyarakatna, ku kituna kudu diriksa sangkan teu kasilih ku pangaruh anu séjén, lian ti éta pupujian téh mangrupa salah sahiji budaya titinggal karuhun Sunda anu luhur pangajénna. Pupujian ogé aya dina SKKD Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda nya éta pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di kelas VII SMP.

Dumasar kana kasang tukang saméméhna, karya sastra Sunda téh perlu diriksa salah sahijina pupujian anu patali jeung widang kaagamaan, atikan, jeung kahirupan sapopoé. Pupujian minangka salah sahiji bagian tina karya sastra anu perlu pisan ditalungtik. Ku kituna, ngarah ieu panalungtikan bisa museur, masalah nu rék diidéntifikasi, nya éta ngeunaan analisis wangun (jumlah padalisan, jumlah engang), eusi, harti (harti saujratna, rasa, nada, jeung itikad), jeung fungsi pupujian di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan.

1.2.2 Rumusan masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

Rizka Amalia Dwiyanti, 2013

Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan

Bahasa jerman fpbs upi

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Pupujian naon waé anu kapanggih di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi Kabupatén Kuningan?
- b. Kumaha wangun, eusi, harti jeung fungsi pupujian anu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan?
- c. Luyu atawa henteu pupujian di Kampung Manis pikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun pupujian di kelas VII SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskrripsikeun pupujian anu aya di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- a. Ngainvéntarisasi pupujian di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan;
- b. Ngaguar wangun, eusi, harti jeung fungsi pupujian anu kapanggih di Kampung Manis, Désa Garawangi, Kacamatan Garawangi, Kabupatén Kuningan; sarta
- c. Ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun pupujian di kelas VII SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Rizka Amalia Dwiyanti, 2013

Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan

Bahasa jerman fpbs upi

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara teoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban khazanah kabudayaan, khususna budaya Sunda ngeunaan pupujian.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun mikawanoh sakaligus nambahan pangaweruh kana karya sastra Sunda hususna anu mangrupa pupujian.
- b. Bisa mikawanoh jeung ngainventarisasi pupujian nu aya di wewengkon sorangan.
- c. Mangpaat pikeun pangajaran, bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran waktu ngajarkeun puisi pupujian di SMP, jadi teu salawasna nyokot bahan anu geus nyampak dina buku téks, tapi bisa méré conto lianna.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I : Bubuka medar Kasang Tukang, Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah, Tujuan Panalungtikan, Mangpaat Panalungtikan, jeung Raraga Tulisan.

BAB II : Medar Pupujian, Ngaregepkeun, jeung Bahan Pangajaran.

BAB III : Méthode Panalungtikan medar Lokasi Populasi jeung Sampel, Désain Panalungtikan, Méthode jeung Téhnik Panalungtikan (Méthode déskriptif, Téhnik nu digunakeun Studi Pustaka, Obsérvasi, Dokuméntasi, jeung Wawancara), Instrumén Panalungtikan, Léngkah-léngkah Garapan, jeung Wangenan Operasional.

BAB IV : Medar Déskripsi Kaayaan Pupujian di Kampung Manis, Judul jeung Analisis Pupujian di Kampung Manis Désa Garawangi Kacamatan Garawangi Kabupatén Kuningan, Daptar Tabél Hasil Analisis Pupujian (wangun, eusi, harti, fungsi), Rékapitulasi Dumasar Hasil Analisis Pupujian, Tafsiran Dumasar Hasil Analisis Pupujian, Hasil

Rizka Amalia Dwiyanti, 2013

Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan

Bahasa jerman fpbs upi

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Pupujian.

BAB V : Medar Kacindekan jeung Saran.

DAPTAH PUSTAKA



Rizka Amalia Dwiyanti, 2013

Analisis kesalahan penggunaan huruf kapital dan tanda baca dalam teks surat bahasa jerman mahasiswa semester iii jurusan pendidikan

Bahasa jerman fpbs upi

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu